

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan implikasi, jeung rékoméndasi tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

5.1 Kacindekan

Panalungtikan modél *Explicit Instruction* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks drama dilaksanakeun di SMA Negeri 1 Singaparna Taun Ajaran 2016/2017 anu ngagunakeun métode Penelitian Tindakan Kelas (PTK) bisa dicindekkeun yén:

- a. Rarancang pangajaran nulis téks drama ngagunakeun modél *Explicit Instruction* dina siklus I, panalungtik nyieun rarancang ppangajaran pikeun ngungkulan masalah anu disanghareupan dina siklus II. Rarancang pangajaran siklus I baris dipedar saperti ieu di handap.
 - 1) Panalungtik nyusun Rarancang Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) dina siklus I dumasar kana pasualan anu keur disanghareupan dina pra-siklus, diantaranya aya indikator, tujuan pangajaran, kagiatan pangajaran, nangtukeun alokasi waktu, milih alat jeung bahan, sarta nyiapkeun évaluasi dina nulis téks drama. Lian ti éta, panalungtik nangtukeun modél *Explicit Instruction* anu dipiharep sangkan siswa bisa mekarkeun ide atawa gagasan dina pangajaran nulis hususna dina nulis téks drama.
 - 2) Panalungtik nyiapkeun lambaran obsérvasi aktivitas guru jeung siswa.
 - 3) Nyiapkeun *infocus, speaker*, ogé lambaran tés pikeun nguji kamampuh siswa dina nulis téks drama.
- b. Prosés pangajaran nulis téks drama ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka siswa kelas XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna dilaksanakeun dina dua siklus baris dipedar saperti ieu di handap.
 - 1) Dina prosés pangajaran siklus I siswa can paham kana modél pangajaran *Explicit Instruction*, siswa masih can éféktif lantaran hésé dikondisikeun jeung can ngarti kudu kumaha dina ngamimitian nulis téks drama. Salian tina kahéngkérana, dina aspék-aspék peniléyan nulis téks drama siswa masih héngkér dina mekarkeun ide atawa gagasan, tatabasa, kandaga kecap, sarta

éjahan. Dumasar kana kahéngkéran anu kapanggih dina siklus I, satuluyna baris dilaksanakeun pangajaran dina siklus ka II pikeun ngungkulan éta kahéngkéran sangkan hasilna leuwih ngaronjat sacara signifikan.

- 2) Dina prosés pangajaran siklus II, modél *Explicit Instruction* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks drama leuwih éféktif sarta siswa geus paham kana ieu modél. Ieu hal bisa katitén yén dina siklus II siswa tuntas 100% kalayan rata-rata peunteun 80,66.
- c. Hasil panalungtikan dina pra-siklus siswa nu can tuntas aya 19 urang atawa 70,37% kalayan rata-rata peunteun 67,51. Tuluy, siklus I siswa dianggap can tuntas aya 10 urang atawa 37,04% kalayan rata-rata peunteun 75,66. Sabada diropéa dina siklus II, hasil diajar nulis téks drama ngaronjat jadi tuntas 100% kalayan rata-rata peunteun 80,66.

5.2 Implikasi

Modél *Explicit Instruction* mangrupa modél nu cocog pikeun nulis téks drama, sarta siswa leuwih parigel dina mekarkeun ide atawa gagasan anu nyangkaruk dina pamikiranana. Ku ayana runtuyan nongton video drama nu ditayangkeun di jero kelas, bakal jadi bahan pikeun numuwuhkeun kréatifitas siswa dina nulis téks drama. Ku kituna, modél *Explicit Instruction* téh miboga poténsi pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngamekarkeun ide atawa gagasanana kana wangun tinulis.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana ieu panalungtikan aya sababaraha rékoméndasi baris dipedar saperti ieu di handap.

- a) Pangajaran nulis téks drama ngagunakeun modél *Explicit Instruction* dilakukeun ku guru basa Sunda pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa.
- b) Panalungtik anu baris ngalakukeun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Explicit Instruction* kudu dimekarkeun deui pikeun ngaronjatkeun kualitas hasil diajar siswa.

- c) Pikeun pihak sakola dipiharep bisa ngaronjatkeun sarana jeung pra-sarana sangkan bisa ngarojong dina prosés pangajaran, saperti nyadiakeun modél-modél pangajaran anu leuwih ngirut sarta bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa.
- d) Panalungtik miharep ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun ogé dimangpaatkeun, kitu deui di sosialisikeun ka para mahasiswa husuna mahasiswa Universitas Pendidikan Indonesia atawa guru-guru nu rék nyieun PTK. Ieu hal pikeun ngaronjatkeun kualitas profésional para mahasiswa kitu deui guru, pikeun ngaronjatkeun préstasi diajar siswa.